# Векало ПахІала

# Пхьалмане

## яздина кехат

Пхьалман Іийсах тешаш болчарах лоруш волу цхьаъ вара. Схьахетарехь, Ковлуси-гІалахь йолчу Іийсах тешачийн тобанан декъашхо хилла иза. Цуьнан, Онисам цІе а йолуш, цхьа лай хилла. И лай шен олахо волчуьра, ведда дІавахана. Цул тІаьхьа тутмакх волчу ПахІална тІенисвелла иза, ткъа цуьнгахула и лай Іийсах теша волавелла. ПахІала и лай Пхьалман волчу юхавоуьйтуш ву. *Пхьалмане яздинчу шен кехата* тІехь векало ПахІала цуьнга шен леца тан боху. Цо доьху Пхьалмане цуьнан лай гечдина стаг санна а, цул сов, динан ваша санна а тІеэцар.

### *Дешхьалхе*

1 1 Оха, Дала леррина къобалвинчу Іийсан дуьхьа тутмакх хиллачу Па-
хІала а, динан вашас Тимапис а, яздо тхоьца цхьаьна динан гІуллакх
кхочушдеш волчу хьомечу накъосте Пхьалмане а, 2 иштта динан йише
Апияте а, тхоьца цхьаьна динан тІемало волчу Арихупе а, Пхьалманан
цІерачу динан тобане а. 3 Вайн Да волчу Делера а, Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Іийсагара а дика а, синпаргІато а хуьлда шуна.

### *Пхьалманан безам а, тешам а*

4 Даим сайн доІанашкахь хьо дага а лоьцуш, Далла хастамаш бо аса.
5 Іийса-Элах хьан тешарх а, массо а Делан нахе хьан болчу безамах а лаьц-
на хезна суна. 6 Аса доІа до Іийсах тешачаьрца хьан йолу юкъаметтиг
кхин а кхоччуш хилар доьхуш, Дала леррина Къобалвинчун сийдархьама
вай дан мегаш мел долу дика хьуна хаа а хууш. 7 Динан ваша, хьан безамах
боккха синтем а, хазахетар а хилла суна, хьан доггах леларо Делан нехан
дегнаш дендина дела.

### *Онисамах лаьцна дехар*

8 Иза иштта долу дела, ахь дан дезарг Дала леррина Къобалвинчун цІа-
рах хьоьга майрра дІахьедан йиш ю сан. 9 Делахь а бакъахьа хета суна

1:2 Ковлусихошка 4:17.



хьоьга безамца дехар дар. Хьоьга доьхург къена стаг волу ПахІал ву. Цул
сов, хІинца, Дала леррина Къобалвинчунна Іамал ярна, со тутмакх а ву.
10 Сайн кІант айса лоручу Онисамах лаьцна дехар до ас. Со набахтехь
лаьцна волуш, иза бакъдолчу дахаре ваьккхира аса. 11 Цхьана хенахь-м
хьуна пайденна вацара Онисам*. Ткъа хІинца иза хьуна а, суна а пайден-
на ву. 12 Аса юхавоуьйту хьуна иза, хьан кара аса сайн дог дІалуш санна.
13 Хаза кхаъ кхайкхорна со лаьцна волчохь, хьан метта сайна гІуллакх а
дойтуш, иза сацо лиира суна. 14 Делахь а хьан пурба доцуш хІумма а дан
ца лаьа суна. Ахь деш долу дика гІуллакхаш, ца ваьлла дина а доцуш, ахьа
хьайн лаамца дина хуьлийла лаьа суна.
15 Хьанна хаьа: хьо волчуьра цуьнан цхьана ханна дІавахар гуттаренна а
иза юха хьоьга тІелацийтархьама нисдина хила а ма тарло. 16 Лай тІе-
оьцуш санна а доцуш, лел лакхара а лоруш, хьоме динан ваша санна, тІе-
эцахьара ахьа иза. Суна чІогІа дукха веза иза. Ткъа хьуна суна чул а сов
везалур ву. Лай санна везалур вац иза, амма Везачу Элера волу ваша сан-
на везалур ву.
17 Нагахь ахь со хьайн юххера стаг лоруш велахь, со тІеоьцуш санна,
тІеэцахьа иза а. 18 Нагахь санна цо хьуна цхьа халахетар динехь, я иза хьу-
на декхарийлахь велахь, иза аса сайна тІелоцу. 19 Аса, ПахІала, сайн
куьйга яздо хьоьга: аса дІатокхур ду и декхар. Ткъа хьайн дахарца хьо суна
декхарийлахь хилар-м ас хьехош а дац. 20 Цундела, сан ваша, хьо Везачу
Элаца волу дела, и гІуллакх дар доьху ас хьоьга. Синтем бехьа сан дагна
Дала леррина Къобалвинчуьнца хьо хиларна.
21 И ас дехнарг ахьа дийриг хиларх со тешна волу дела, яздо аса хьоьга.
Суна хаьа, аса дехначул а сов ахьа иза дийр дуйла. 22 Кхин цхьа дехар а ду
сан хьоьга. Хьайн хьешан чоь кечъелахь суна. Шун доІанашна жоп а луш,
со шу долчу дика дІакхочур ву аьлла, дегайовхо ю сан.

### *Маршаллаш*

23 Маршаллаш доуьйту хьоьга соьца цхьаьна Дала леррина къобалвин-
чу Іийсан дуьхьа тутмакх хиллачу Эпарпис а, 24 соьца цхьаьна динан гІул-
лакх дІакхоьхьуш болчу Марка а, Арестаха а, Демис а, Лакас а.
25 Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Іийсагара долу дика хуь-
лийла шуьца**.

* 1:11 *Онисам* – иза «пайден» бохург ду.
** 1:25 Цхьадолчу тептарш тІехь тІетоьхна ду: *Амин.*

1:10 Ковлусихошка 4:9. 1:23 Ковлусихошка 1:7; 4:12. 1:24 Векалийн 12:12, 25; 13:13; 15:37-39; Ковлусихошка 4:10; Векалийн 19:29; 27:2; Ковлусихошка 4:14; Ковлусихошка 4:10; Ковлусихошка 4:11.